

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Populasi jeung Sampel

3.1.1 Populasi

Nurutkeun Arikunto (2010: 173), populasi nya éta sakabéh subjék dina panalungtikan.

Luyu jeung pamadegan di luhur, dina ieu panalungtikan anu jadi populasi nya éta sajumlahing siswa SMA Negeri 14 Bandung. Tapi lantaran aya sababaraha titimbang, saperti: samporéna waktu, perijinan ka sakola, waragad jeung tanaga. Nu nalungtik ngawatesanan subjék panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas XI SMA Negeri 14 Bandung, anu jumlahna 320 siswa anu kabagi jadi dalapan kelas ti mimiti kelas XI IPA 1 nepi ka XI IPS 3.

3.1.2 Sampel

Sampel nya éta wawakil populasi anu rék ditalungtik. Nurutkeun Arikunto (2010: 174), yén saupama subjék kurang ti 100, leuwih hadé nu nalungtik ngayakeun panalungtikan populasi, anu ngajadikeun sakabéh subjék nu aya pikeun ditalungtik. Tapi saupama jumlah subjékna loba, bisa maké panalungtikan sampel, anu subjékna sakurang-kurangna 10-15% atawa leuwih ti populasi, gumantung kana:

1. kamampuan nu nalungtik tina waktu, tanaga, jeung waragad;
2. lega atawa heureutna wilayah tina unggal subjék; jeung
3. gedé atawa leutikna résiko pikeun nu nalungtik.

Dumasar kana hal-hal di luhur, sampel dina ieu panalungtikan ditangtukeun 12% tina populasi nya éta $\frac{12}{100} \times 320 = 38,4$. Sangkan éta jumlah téh ajeg, sampel dijejegkeun jadi 40 siswa. Kelas anu dijadikeun sampel nya éta kelas XI IPA 3.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain dina ieu panalungtikan ngagunakeun *Pre Experimental Design*, nurutkeun Campbell jeung Stanley dina Arikunto (2010: 123), desain Pre Experimental dibagi jadi tilu desain di antarana: (1) *one shot case study, pres test*, jeung (3) *static group comparison*. Lantaran dina ieu panalungtikan, udagan anu baris dihontal nya éta ngabandingkeun dua variabel. Ku kituna desain anu dipilih nya éta desain *static group comparison*. Mékanisme panalungtikanna baris digambarkeun dina bagan di handap:

X	O ₁
	O ₂

Katerangan :

X : *treatment* (maca pedaran)

O₁ : pedaran Basa Sunda

O₂ : pedaran Basa Indonésia

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analisis komparatif. Nurutkeun Surachmad (1990: 139-140), méthode déskriptif nya éta méthode anu ngungkulan pasualan anu sipatna aktual ku cara ngumpulkeun data, masing-masingkeun data, jeung napsirkeun data. Sedengkeun tiori méthode komparatif nurutkeun Sugiyono (2008: 57), méthode komparatif nya éta panalungtikan anu ngabandingkeun hiji variabel atawa leuwih kana dua atawa leuwih sampel anu béda, dina waktu anu béda.

Dumasar kana sababaraha pamadegan di luhur, méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analisis komparatif, ku jalan ngadéskripsikeun data, ngolah data, jeung ngabandingkeun kamampuh maca pedaran (Basa Sunda) jeung pedaran (Basa Indonésia) nu kapanggih dina sampel panalungtikan.

Méthode komparatif dipaké pikeun ngabandingkeun data dua variabel. Variabel anu dibandingkeun dina ieu panalungtikan nya éta variabel kaparigelan

kamampuh maca pamahaman pedaran (Basa Sunda) jeung kamampuh maca pamahaman pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMAN 14 Bandung.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih gampang ngalaksanakeun ieu panalungtikan, leuwih tiheula baris diterangkeun sacara operasional istilah-istilah anu pakait jeung judul panalungtikan. Wangenan operasional ngawengku kana wangenan sacara umum ngeunaan variabel-variabel boh variabel bebas boh variabel kauger (variabel X jeung variabel Y). Ieu wangenan tina variabel panalungtikan baris dipedar saperti ieu di handap.

3.4.1 Kamampuh Maca

Kamampuh maca dina ieu panalungtikan kaasup kana variabel bébas (variabel X), sabab mangrupa variabel anu mangaruhan kana variabel séjén (variabel Y).

Kamampuh nya éta asal kecapna tina mampuh anu hartina bisa, sanggup, kuat. Sedengkeun maca nya éta nempo sarta maham eusi. Jadi dina ieu panalungtikan kamampuh maca téh nya éta paham kana eusi pedaran anu dibaca ku siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung.

3.4.2 Pedaran Basa Sunda

Pedaran Basa sunda dina ieu panalungtikan kaasup kana variabel kauger (variabel Y), sabab mangrupa variabel anu dipangaruhan ku variabel séjén atawa variabel bébas (variabel X).

Pedaran nya éta jujutan atawa hiji hal anu dipedar ngaliwatan media tinulis. Pedaran dina ieu panalungtikan ngagunakeun Basa Sunda anu judulna “Upacara Adat Sérén Taun di Kuningan Jawa Barat”.

3.4.3 Pedaran Basa Indonésia

Pedaran Basa Indonésia dina ieu panalungtikan sarua jeung pedaran Basa Sunda kaasup kana variabel kauger (variabel Y), sabab mangrupa variabel anu dipangaruhan ku variabel séjén atawa variabel bébas (variabel X).

Pedaran dina Basa Indonésia hartina *bahasan*. Dina ieu panalungtikan pedaran anu ngagunakeun Basa Indonésia miboga judul “*Upacara Pernikahan Adat Sunda*”.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa hal anu kawilang penting dina prosés panalungtikan, sabab kahontal henteuna tujuan panalungtikan ditangtukeun ku alus henteuna instrumén. Instrumén atawa alat anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Wacana.
wacana nu digunakeun nya éta Pedaran (Basa Sunda) anu judulna “*Sérén Taun*” jeung Pedaran (Basa Indonésia) nu judulna tina “*Tradisi Pernikahan Sunda*”;
2. Tés
Tés anu digunakeun nya éta tés objéktif atawa tés pilihan ganda anu lobana 15 soal Pedaran (Basa Sunda) jeung 15 soal Pedaran (Basa Indonésia), tina 15 soal éta dibagi nurutkeun aspék kognitif, nya éta tilu soal C1, tilu soal C2, tilu soal C3, dua soal C4, dua soal C5, jeung dua soal C6; jeung
3. Angkét
Angkét anu digunakeun nya éta angkét anonim, sabab siswa leuwih laluasa ngedalkeun pamadeganna.

3.6 Uji Validitas jeung Réliabilitas

3.6.1 Uji Validitas

Nurutkeun Arikunto (2010: 212-213), validitas nya éta ukuran nu nuduhkeun tingkatan-tingkatan validna instrumén. Instrumén nu valid atawa sahik mibanda validitas anu luhur, sabalikna instrumén anu kurang valid berarti

mibanda validitas anu kawilang kurang. Kurang henteuna validitas instrumén nuduhkeun data nu bisa dikumpulkeun teu salah atawa saluyu jeung gambaran ngeunaan validitas nu dimaksud.

Validitas tés nu dipaké nya éta “*validitas eksternal*”. Validitas tésna dihontal ku jalan ngabandingkeun peunteun siswa anu dihontal tina instrumén jeung peunteun Basa Sunda di rapot. Éta data téh dipatalikeun maké rumus “*product moment*” saperti di handap:

$$r_{xy} = \frac{n \cdot \Sigma_{xy} - (\Sigma_x)(\Sigma_y)}{\sqrt{(n \cdot \Sigma x^2 - (\Sigma x)^2) (n \cdot \Sigma y^2 - (\Sigma y)^2)}}$$

Katerangan:

r_{xy} : koéfisién korélasi anu dipaluruh

n : jumlah subjék

x : skor tés tina instrumén

y : peunteun dina rapot

Dina validitas éksternal, pakakas tés miboga sipat gembleng. Ku kituna, tés anu validitas soalna luhur nuduhkeun yén sagemblengna éta soal geus *valid*.

3.6.2 Réliabilitas

Sabada diuji validitasna tuluy diuji ogé réliabilitasna, sangkan éta soal téh bisa dibuktikeun bebenerannana. Réliabilitas soal anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta, réliabilitas internal. Dina ieu téknik, skor jawaban tés dianalisis ku cara dibagi dua, antara soal nu ganjil jeung genap. Jumlah tina skor ganjil jeung genap éta diitung maké rumus *Flanagan*. Nurutkeun Arikunto (2010: n227), rumus nu dipaké nya éta saperti ieu dihandap.

$$r_{11} = 2 \left(\frac{1 - V_1 - V_2}{V_t} \right)$$

Katerangan:

r_{11} : réliabilitas instrumén

V_1 : variasi beulahan kahiji (varian skor butir-butir ganjil)

V_2 : variasi beulahan kadua (varian skor butir-butir genap)

V_t : variasi skor total

Pikeun nangtukeun sakabéh variasi maké rumus:

$$V = \frac{\sum x^2 - \frac{(\sum x)^2}{N}}{N}$$

3.7 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik dina ieu panalungtikan nya éta ku cara ngalaksanakeun tés jeung angkét. Tés digunakeun pikeun ningali kamampuh maca pedaran (Basa Sunda) jeung pedaran (Basa Indonésia). Sedengkeun angkét digunakeun pikeun néangan faktor-faktor nu mangaruhan kana kamampuh maca siswa.

Léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data dina ngalaksanakeun panalungtikan saperti ieu di handap:

1. panalungtikan ngajelaskeun heula téknis dina ngayakeun tés;
2. ngabagikeun instrumén tés ka siswa. Pedaran (Basa Sunda) anu di gunakeun nya éta Upacara Adat Sérén Taun di Kuningan Jawa Barat;
3. téks pedaran anu geus dibaca dikumpulkeun deui;
4. sabada maca nu nalungtik ngabagikeun soal tés;
5. sabada beres tés anu ka hiji, panalungtik ngabagikeun bahasan (Basa Indonésia) anu judulna Tradisi Pernikahan Sunda tuluy dibaca ku siswa,
6. bérés maca, nu nalungtik ngabagikeun soal tés; jeung
7. sabada réngsé tés, pamungkas siswa kudu ngeusian angkét.

3.8 Téhnik Nganalisis Data

Data anu geus dikumpulkeun tuluy diolah pikeun mikanyaho hasil tina tés tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

Data tina hasil panalungtikan anu dilaksanakeun ditujukeun pikeun mikanyaho masalah-masalah di handap.

1. Kumaha kamampuh maca Pedaran (Basa Sunda) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung?
2. Kumaha kamampuh maca Pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung?
3. Kumaha hasil babandingan kamampuh maca Pedaran (Basa Sunda) jeung Pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung?
4. Faktor naon anu mangaruhan kana kamampuh maca pamahaman Pedaran (Basa Sunda) jeung Pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung?
5. Pikeun maluruh masalah-masalah di luhur, aya sababaraha léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan.

3.8.1 Nafsirkeun Skor

Sabada skor dipikanyaho, tuluy nangtukeun tahap kamampuh maca pamahaman pedaran Basa dumasar kana *Penilaian Acuan Patokan* (PAP) 75% maké rumus skala 100%. Sabada diitung maké éta rumus, duluyukeun jeung kritéria peunteun ieu di handap.

Tabel 3.1
Tapsiran Skala Peunteun

No	Skala Peunteun	Tapsiran
1	A	Luhur Pisan
2	B	Luhur
3	C	Sedeng
4	D	Handap
5	E	Handap pisan

(Sudijono, 2009: 312)

Sanggeus napsirkeun kamampuh maca pamahaman pedaran (Basa Sunda) jeung pedaran (Basa Indonésia) unggal siswa dumasar kana PAP 75, saterusna napsirkeun boga henteuna kamampuh siswa kana kamampuh maca pamahaman pedaran (Basa Sunda) jeung pedaran (Basa Indonésia).

Siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung, dianggap geus boga kamampuh maca pamahaman pedaran (Basa Sunda) jeung pedaran (Basa Indonésia), lamun sakurang-kurangna nu miboga kamampuh maca téh nya éta 75% atawa leuwih. Sabalikna dianggap can boga kamampuh, lamun kurang ti 75%.

Sangkan nyaho kana luhur handapna tahap kamampuh siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung kana maca pamahaman pedaran (Basa Sunda) jeung pedaran (Basa Indonésia), maké pamarekan skala 100%. Anu rumusna saperti ieu di handap.

$$P = \frac{\sum \text{Skor siswa}}{\sum \text{Skor maksimal}} \times 100$$

Sabada diitung maké éta rumus, hasil olahan téh ditapsirkeun kana kritéria peunteun skala 100 ieu di handap.

Tabel 3.2
Kritéria peunteun Skala 100

No	Skala Peunteun	Skor dihontal	Tapsiran
1	91 - 100% = A	91 - 100	Luhur pisan
2	81 - 90% = B	81 - 90	Luhur
3	71 - 80% = C	71 - 80	Sedeng
4	61 - 70% = D	61 - 70	Handap
5	... - 60% = E	... - 60	Handap pisan

(Sudijono, 2009: 302)

Sabada réngsé bisa kapanggih babandingan kamampuh maca pedaran (Basa Sunda) jeung pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung.

3.8.2 Uji Hipotésis

Sudjana (2005: 446) nétélakeun uji tanda digunakeun pikeun nguji signifikan beda dua rata-rata (*mean*) nu diacongkeun pikeun ngabuktikeun hipotésis.

Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

1. Néangan rata-rata peunteun unggal tés, rumusna nya éta:

$$X = \frac{\sum fx}{N}$$

Keterangan:

- X : rata-rata
 $\sum fx$: jumlah peunteun dikali frékuénsi
 N : jumlah siswa

2. Néangan standar deviasi unggal tés, rumusna nya éta:

$$SD = \sqrt{\frac{N (\sum fx^2) - (\sum fx)^2}{N (N - 1)}}$$

Keterangan:

- SD : standar deviasi
 N : jumlah subjék panalungtikan
 $\sum fx$: jumlah frékuénsi dikali peunteun

3. Néangan standar déviasi gabungan, rumusna nya éta:

$$Sdg = \frac{\sqrt{(n_1 - 1)S_1^2 + (n_2 - 1)S_2^2}}{n_1 + n_2 - 2}$$

Katerangan:

- Sdg : standar déviasi gabungan
 n_1 : jumlah siswa nu maca pedaran Basa Sunda
 n_2 : jumlah siswa nu maca pedaran Basa Indonésia
 S_1^2 : standar déviasi anu dikuadratkeun ti kelompok pedaran Basa Sunda
 S_2^2 : standar déviasi anu dikuadratkeun ti kelompok pedaran Basa Indonésia

4. Nangtukeun harga t, rumusna nya éta:

$$t = \frac{X_1 - X_2}{Sdg \sqrt{\frac{1}{n_1} + \frac{1}{n_2}}}$$

Katerangan:

- X_1 : rata-rata kelompok pedaran Basa Sunda
 X_2 : rata-rata kelompok pedaran Basa Indonésia
Sdg : standar déviasi gabungan
 n_1 : jumlah siswa nu maca pedaran Basa Sunda
 n_2 : jumlah siswa nu maca pedaran Basa Indonésia.

5. Nangtukeun derajat kabébasan (db), rumusna nya éta:

$$db = n_1 + n_2 - 2$$

6. Nangtukeun harga t_{tabel}

Harga t_{tabel} nalika narima hipotésis

Saupama $t_{\text{tabel}} < t_{\text{hitung}}$ hipotésis ditolak, jeung

saupama $t_{\text{tabel}} > t_{\text{hitung}}$ hipotésis ditarima.

